



Pou Piblikasyon Imedya: 25/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ KI ENTÈRESE YO POU APLIKE POU BOUS EMPIRE STATE 2024 LA ANVAN DAT LIMITE APLIKASYON AN

*Peryòd aplikasyon an fèmen 1e avril; aplike [isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a ankouraje Nouyòkè ki enterese patisipe nan Pwogram Bous Empire State 2024 pou aplike anvan dat limit 1e avril la. Pwogram prestijye a atire talan eksepsyonèl epi divèsifye nan New York ak toupatou nan peyi a pou sèvi nan pozisyon wo nivo nan administrasyon an. Depi kreyasyon pwogram nan 12 zan de sa, moun ki gradye nan pwogram Bousye Empire State la te antre nan pòs siperyè yo, ki enkli pozisyon Komisè Adjwen, Sekretè Adjwen, ak Chèf Kabinè nan ajans yo nan tout Eta a.

"Pwogram Bousye Empire State la te pote kèk nan talan ki pi eksepsyonèl New York yo nan sèvis piblik la, k ap sèvi kòm yon katalizè pou moun yo bati karyè kote yo ka fè yon diferans", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nenpòt moun ki pasyone pou fè enpak pozitif nan gwo eta nou an ta dwe aplike"

**Komisè Depatman Fonksyon Piblik Eta New York la (New York State Department of Civil Service), Timothy Hogues, te deklare**, "Eta New York ap chèche pi bon ak pi briyan yo pou kontinye eritaj nòb ki bay rekonpanse nan fonksyon piblik la. Nan kad jerans Gouvènè Hochul, ajans eta yo ap abòde defi deseni sa a tèt pou tèt, epi kounye a se yon bon moman pou kòmanse chemen w kòm yon fiti lidè. N ap chèche travayè ki travay di ak sa yo ki gen panse kreyatif ki pral enspire lè yo jwenn eksperyans ki gen anpil valè atravè pi wo nivo ajans gouvènman eta yo, pandan y ap aprann nan men divès figi, vwa, orijin, lide, ak kominote moun n ap sèvi yo nan Empire State la."

Pwogram Bousye Empire State la se yon pwogram fòmasyon pou lidèchip apentan ki prepare pwochèn jenerasyon pwofesyonèl talantye pou karyè kòm desidè nan Eta New York. Klas Bousye Empire State k ap antre a pral sèvi soti 12 septanm, epi y ap resevwa yon salè pa ane ki se 85,000 dola, plis yon pake avantaj jenere. Nan fen bous la, pworam lan pral idantifye Bousye Empire State ke yo pral bay opòtinite pou yo kontinye sèvi kòm lidè nan gouvènman Eta New York apre yo fini pwogram nan.

Angajman nan travay gouvènman Eta New York la antre nan kè Pwogram Bous Empire State la. Biwo Gouvènè a pral nonmen chak Bousye Empire State pou travay

dirèkteman avèk yon Komisè, yon Komisè Adjwen, oswa yon lòt desidè wo nivo nan yon ajans oswa Otorite Eta New York la oswa nan Chanm Egzekitif la. Devwa travay yo ofri bousye yo yon eksperyans san parèy pou kolabore ak ansyen ofisyèl yo epi patisipe nan pwosesis eleborasyon politik la.

Pandan y ap patisipe nan travay gouvènman eta a, Bousye Empire a pral patisipe nan pwogram edikasyon ak devlopman pwofesyonèl ki pral ede yo sèvi kòm lidè gouvènman ki efikas epi ki gen etik. Eleman edikatif Pwogram Bousye Empire State la kòmanse ak yon kou oryantasyon an Septanm. Kou edikatif la pral kontinye sou yon baz chak kenz jou. Pandan se tan, aktivite devlopman pwofesyonèl, ki gen ladan yon pwogram konsèy ak reyinyon regilye ak manm kabinè yo ak lòt lidè gouvènman yo, pral amelyore kolaborasyon Bousye Empire a ak desidè yo.

Aplikasyon yo ouvri 5 janvyè epi yo pral aksepte yo jiska 1 avril. Pou plis enfòmasyon sou pwogram nan ak enstriksyon sou kijan pou disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)